



Pou Piblikasyon Imedya: 14/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo pou yo enskri pou 12èm jounen anyèl 'I Love My Park' la**

***Aktivite volontarya yo ap òganize nan 120 pak eta, sit istorik ak tèren piblik yo ki atravè New York***

***Patisipan yo pral selebre tèren piblik New York yo lè yo sèvi kòm volontè nan aktivite netwayaj yo atravè eta a***

***Enskripsyon anliy ouvri kounye a e ou ka ranpli li [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke enskripsyon ouvri kounye a pou 12èm Jounen I Love My Park anyèl la (Mwen Renmen Pak Mwen), ki ap fèt nan dat 6 me 2023 nan pak eta, sit istorik ak tèren piblik yo toupatou nan Eta New York. Evènman an, ke Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Pak ak Santye New York yo (Parks and Trails New York, PTNY) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) patwone, se pi gwo aktivite volontarya k ap fèt nan tout eta a pou amelyore pak, sit istorik ak teren piblik yo epi tou fè sansibilizasyon ak pote vizibilite sou atou lwazi anplennè eta a ak sou bezwen yo.

"Jounen I Love My Park la se yon gwo opòtinite pou Nouyòkè yo rebay pak ak tèren piblik enkwayab nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou enskri epi fè volontè nan yon pak, yon sit istorik oswa yon santye k ap patisipe nan zòn pa yo pou asire ke jenerasyon alavni yo ka kontinye pwofite resous enkwayab sa yo."

Volontè yo pral gen opòtinite pou yo patisipe nan aktivite netwayaj yo nan plis pase 120 pak eta, sit istorik ak tèren piblik yo soti nan Long Island pou rive nan Rejyon Lwès New York, epi kouvri tout rejyon ki nan mitan yo tou, ansanm ak sit ki jere pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC) ak pak minisipal yo. Ou ka ranpli enskripsyon pou Jounen I Love My Park la [isit la](#).

**Erik Kulleseid, Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare,** "Mèsi patnè nou yo nan Pak ak

Santye New York yo (Parks & Trails New York) paske yo te òganize evènman sa a ak elaji opòtinite pou remèt ak ankouraje yon jerans responsab. Volontè nou yo enpòtan anpil pou fè sistèm pak eta nou an meyè nan peyi a epi nou pa ka tann pou nou akeyi plizyè milye volontè pou Jounen I Love My Park la ankò ane sa a."

**Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos te deklare,** "Tèren piblik yo se pou nou tout, fanmi nou yo, ak vwazen nou yo, epi nan travay ansanm nou tout ka patisipe nan jerans lye espesyal sa yo pou jenerasyon k ap vini yo ancheri epi jwi. Jounen I Love My Park la se yon opòtinite ekselan pou Nouyòkè yo pou yo rejwenn DEC ak patnè Pak Eta nou yo pou yo soti deyò epi enspire pwochen jenerasyon gad anviwònmanal yo nan ede kenbe ak prezève bote natirèl tèren nou yo."

**Direktè Ekzekitif Parks & Trails New York la, Paul Steely White, te deklare,** "Nouyòkè yo renmen randone nan pak pa yo. Vrèmanvre, sistèm pak nou yo renmen anpil la te anbrase ak nourri nou pandan pandemi an, yo te akomode plis pase 200 milyon vizit inik (san nou pa mansyone anpil randevou rekiran). Men, lanmou se yon santye ki ge doub sans, ak bon relasyon alontèm mande antretyen. Kounye a se moman pou pwouve pak oswa espas ouvè ou pi renmen an ke sete plis pase jis yon avanti pandemik. Ann montre pak, santye yo ak espas ouvè nou yo tout lanmou nan Jounen I Love My Park la!"

Volontè yo pral selebre tèren piblik New York la yo lè yo netwaye debri yo, plante pyebwa ak jaden, lè yo repara santye ak abita bèt sovaj yo, lè yo retire espès anvayisan yo, epi tou lè yo travay sou plizyè pwojè amelyorasyon espas la yo.

Pou ankouraje jerans pandan tout ane a, PTNY, State Parks ak DEC pral lanse lòt opòtinite volontè pandan ete ak otòn nan kad [kanpay Love Our NY Lands lan](#) (kanpay Renmen Teren New York nou yo). Objektif kanpay la se pou ede pwoteje resous natirèl nou yo nan bay vizitè yo konesans ki nesèsè pou diminye enpak yo, angaje itilizatè yo pou pratike lwazi dirab epi ki an sekirite, epi ede tout vizitè yo santi yo akeyi yo pandan y ap vizite tèren eta yo.

Pak ak Santye New York se defansè lidè nan tout Eta New York pou pak ak santye yo, ki dedye depi 1985 pou amelyore sante, ekonomi, ak kalite lavi atravè itilizasyon ak apresyasyon espas vè pou tout moun. Avèk plizyè milye manm ak sipòtè atravè eta a, PTNY se yon vwa lidè nan pwoteksyon sistèm pak mayifik eta New York la ak kreyasyon ak pwomosyon plis pase 2,414 kilomèt santye vèt, wout bisiklèt, pwomnad rivyè ak santye. N ap jwenn [plis enfòmasyon isit la](#).

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te resevwa yon kantite rekò 79.5 milyon vizitè an 2022. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epi tou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

Nan kad inisyativ Adventure NY la, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ap fè investisman estratejik pou elaji aksè ak rekreyasyon ekstèn ki aktif, ki bon pou sante, konekte plis moun New York ak vizitè yo ak lanati ak mond ekstèn yo, pwoteje resous natirèl yo, epi bay bourad a ekonomi lokal yo. Li plis enfòmasyon kosènan inisyativ Adventure NY lan sou [sitwèb](#) DEC la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)